

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita miboga kaunggulan dibandingkeun jeung naskah séjénna. Salian ti jadi karya sastra nu meunang dina pasanggiri FDBS ka-17 taun 2016. Unsur-unsur dina naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” ditalungtik dipisahkeun dumasar kana papasinganna. Hasil analisis struktur dina naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” ngawengku 1) unsur fisik pangwangun carita drama, sarta 2) unsur eusi carita naskah drama. unsur fisik pangwangun carita drama anu ngawengku téma, tokoh, alur, latar, jeung amanat, sarta 2) unsur eusi carita naskah drama anu ngawengku prolog, dialog, babak, episode, adegan, wawancang, kramagung, solilokui, aside, jeung epilog. Salian ti éta aya ogé analisis psikologi anu ngawengku id, ego, jeung superego.

Téma naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. sasmita nyamuni, teu ditembrakeun, malah leuwih bisa disebut satir lantaran, saupama dibaca, urang bakal manggihan sababaraha kaayaan sosial masarakat ditepikeun ku pangarang, diantarana masalah ékonomi jeung politik. Téma naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. sasmita bisa dicindekeun yén kaayaan ékonomi miboga pangaruh nu gedé kana kahirupan jeung sagala rupa kajadian nu aya di jerona. Tokoh nu aya dina ieu naskah drama kabagi dua, tokoh utama, jeung tokoh tambahan. Tokoh utamana nyaéta: Napi awéwé. Tokoh tambahanana nyaéta Lalaki, Sipir, Awéwé, Barudak (awéwé jeung lalaki anakna Napi), jeung Patugas (Patugas panjara jeung éksékutor ti pangadilan). Latar tempat dina naskah drama ieu ngan aya hiji nyaéta di hiji rohangan panjara. Latar waktu dina ieu naskah teu loba robah malah ampir sakabéh adeganana lumangsung dina waktu nu sarua nyaéta dina wanci peuting. Latar peristiwa naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” bisa ditingal tina unggal adegan ogé dialog ti unggal tokohna. Misalna tokoh Napi anu dipanjara lantaran ngalakukeun hiji hal anu sipatna ngalanggar hukum. Naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” miboga alur maju lantaran patalina

unggal kajadian dina caritana nyieun hiji wangun sabab-akibat nu jelas. Pangarang miboga tujuan dina nulis karyana, biasana aya hal nu baris ditepikeun kanu maca nu disebut amanat. Amanat dina ieu naskah drama nyaéta sagala rupa hal teu adilna hukum kudu di musnahkeun jeung kaadilan kudu nanjeur salawasna. Struktur eusi carita naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” anu kapanggih dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngéunaan prolog, dialog, wawancang, kramagung, solilokui, aside, babak, épisode, adegan, jeung épilog.

Patalina struktur carita atawa unsur nu ngawangun naskah drama jeung psikologi raket pisan. Naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita nu euyeub unsur kajiwaanna bisa ngawangun alur nu kompleks. Nu maca atawa aktor bisa ngarasakeun kumaha pasualan atawa kajadian nu aya dina carita ngaliwatan puseur carita nu robah-robah ti hiji palaku ka palaku séjén. Ieu hal bisa katitén tina gambaran *id*, *ego*, jeung *superego* nu aya dina diri masing-masing palaku. Salian ti éta, nu maca atawa aktor bisa ngarasakeun tur maham kana naon nu dirasakeun dina diri palaku.

## 5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Hiji panalungtikan tangtuna teu leupas ti nu ngarana kaonjoyan jeung kahéngkéngéran. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga kahéngkéngéran dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kahadéan, utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran ranah analisis kasusatraan. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan ngeunaan struktur jeung psikoanalisis dina karya sastra hususna naskah drama. Ku kituna, aya sababaraha rékoméndasi pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, di antarana: 1) panalungtik satuluyna, 2) mahasiswa, jeung 3) masarakat.

- 1) Panalungtikan satuluyna, naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita perlu dianalisis deui ngeunaan aspék séjén, sangkan pangaweruh dina ieu naskah drama bisa leuwih ngajembaran jeung loba mangpaatna.
- 2) Mahasiswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi di perkuliahan.

- 3) Masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngahudangkeun karep pikeun mikawanoh kana karya sastra Sunda, utamana karya sastra ngeunann drama. Anu pamungkas, dipiharep masarakat bisa nyonto sikep atawa pesen anu hadé anu aya dina naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita, sangkeun teu kabawa ku kabawa sakaba-kaba.